

Y ap ouvri sant pou retablisman akoz katastwòf la nan pawas Caddo, Vermilion kote ou ka vizite yo pandan w sou volan machin ou.

Release Date: September 15, 2020

BATON ROUGE, La.— Y ap ouvri sant pou retablisman akoz katastwòf la nan Abbeville ak Shreveport kote ou ka vizite yo pandan w sou volan machin ou, nan jedi 17 septanm pou ede sivivan siklòn Laura yo.

Yon nouvo karakteristik ki gen konye a nan sant yo se fason ki fasil epi ki san danje COVID pou sivivan Laura yo eskane dokiman yo nan dosye ka yo a.

Sant yo ou ka vizite pandan w sou volan machin ou an opere daprè pwotokòl ki strik pou COVID-19 pou asire vizitè yo an sekirite. Li obligatwa pou mete mask oswa kouvari figi w pou ka rantre epi pou jwenn sèvis. Sivivan yo ap rete nan machin yo. Yon espesyalis ki gen yon mask nan figi l pral resevwa dokiman yo atravè fenèt la epi l ap retounen yo ba w.

Li pa nesesè pou mete randevou. Lè pou jwenn sèvis yo se apati 7 è dimaten jiska 5 è nan aprèmidi, sèt jou pa semèn.

Sant kote w ka vizite pandan w sou volan machin ou an pral lokalize nan:



FEMA

Page 1 of 3

Pawas Caddo

Independence Stadium

3301 Pershing Blvd.

Shreveport, LA 71109

Pawas Vermilion

LSU AG Center

1105 West Port St.

Abbeville, LA 70510

Kèk sant siplemantè déjà ouvri nan Lwizyàn. Sivivan yo ka vizite nenpòt sant ki ouvri. Pou jwenn sant ki pi pre w la, rele liy asistans FEMA a, vizite www.DisasterAssistance.gov oswa egateway.fema.gov/ESF6/DRCLocator oswa telechaje aplikasyon mobil FEMA a nan fema.gov/about/news-multimedia/app.

Sivivan yo pa bezwen ale nan yon sant kote yo ka vizite pandan yo sou volan machin yo pou yo aplike oswa mete aplikasyon yo ajou. Pou poze kesyon endividyèl oswa pou soumèt enfòmasyon:

- Rele liy asistans FEMA a nan 800-621-3362 oswa TTY 800-462-7585
- Vizite disasterassistance.gov/
- Telechaje aplikasyon mobil FEMA a nan fema.gov/about/news-multimedia/app

Prete lajan pou katastwòf akoz siklòn Laura nan U.S. Small Business Administration (SBA)



FEMA

Page 2 of 3

Pou **antrepriz nenpòt gwosè** ak òganizasyon a bi non-likratif: jiska \$2 milyon pou domaj pwopriyete. Pou **ti antrepriz**, ti antrepriz ki nan aktivite akwakilti, pifò antrepriz a bi non-likratif: jiska \$2 milyon pou kapital yo bezwen pou fonksyone akoz katastwòf la menm si yo pa gen domaj pwopriyete. Ou ka prete yon maksimòm \$2 milyon pou antrepriz pou nenpòt konbinezon domaj pwopriyete ak kapital ki nesesè pou fonksyone.

Pou **pwopriyetè kay** jiska \$200,000 pou repare oswa ranplase rezidans prensipal yo. Pou **pwopriyetè kay ak lokatè** jiska \$40,000 pou ranplase posesyon pèsònèl, san wete machin yo.

Antrepriz yo ak rezidan yo ka aplike sou entènèt nan www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance. Pou kesyon ak asistans pou ranpli yon aplikasyon pou SBA rele 800-659-2955 oswa voye yon imèl nan FOCWAssistance@sba.gov

Pou dènye enfòmasyon sou siklòn Laura, vizite www.fema.gov/disaster/4559 oswa suiv kont Twitter FEMA Region 6 la nan twitter.com/FEMARegion6.



FEMA

Page 3 of 3